



AVI PIBLIK POU OUVÈTI AK FÈMTI LIS DATANT LAN
OTORITE LOJMAN HIALEAH YO PRAL AKSEPTÉ APLIKASYON POU PWOGRAM KOUPOUN CHWA
LOJMAN SEKSYON 8 LA

Yo pral sèlman aksepte aplikasyon preyalab sou entènèt yo

Aplikasyon preliminè yo dwe ranpli sou entènèt apati Lendi 21 Jen 2021, a 8:30 a.m. epi pral fèmen a 11:59 p.m. nan Lendi 28 Jen 2021.

Isit la genyen yon avi ke Otorite Lojman Hialeah yo (“HHA”) ap aksepte aplikasyon preyalab pou kupon lokatè yo atravè Pwogram Koupon Chwa Lojman (“HCV” oswa Seksyon 8”) la

1 moun	2 moun	3 moun	4 moun	5 moun	6 moun	7 moun	8 moun
\$31,650	\$36,200	\$40,700	\$45,200	\$48,850	\$52,450	\$56,050	\$59,700

Limit Revni Anyèl pou patisipasyon nan pwogram nan

HHA pa fè diskriminasyon selon ras, sèks, koulè, relijyon, orijin nasyonal, sityasyon famiyal, andikap, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon transjan, laj oswa eta sivil

Tout kandida yo dwe satisfè tout egzijans U.S. Department of Housing and Urban Development (Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini “HUD”) yo sou revni ak elijiblite pou kapab elijib pou plasman nan lis datant lan.

Aplikasyon yo pral disponib sou sit entènèt HHA a nan www.hialeahhousing.org nan dat **21 Jen 2021, a 8:30 a.m.**

Nan lendi 21 Jen 2021 an, HHA, avèk kolabasyon Vil Hialeah, pral ede fanmi ki pa genyen aksè ak yon òdinatè pou ranpli yon aplikasyon preyalab nan John Kennedy Library ki sitiye nan 190 W 49 Street, Hialeah, FL apati 8:30 a.m. Enfòmasyon sa yo nesèsè pou soumèt aplikasyon preyalab la ak siksè: Tout non legal, nimewo sekirite sosyal, dat nesans, ak enfòmasyon sou revni pou tout moun nan fwaye a.

Lè yon moun soumèt yon aplikasyon preyalab sa pa garanti plasman nan lis datant lan. Akoz gwo nivo enterè nan pwogram kupon an, HHA pral itilize yon sistèm lotri pa chans pou seleksyone 2500 non nan tout aplikasyon preyalab ki te soumèt yo epi yo pral plase aplikasyon preyalab sa yo ki seleksyone a nan lis datant lan. Tan ak dat resepsyon aplikasyon preyalab la pandan louvèti lis datant lan pa genyen rapò ak si yon aplikasyon pral seleksyone oswa si li p ap seleksyone. Pa genyen okenn nesèsite oswa avantaj pou aplike touswit aprè lis datant lan louvri. Sila yo ki fè sa kapab fè fas ak tan repons ki pi dousman nan sistèm sou entènèt la. Fanmi yo pral mansyone nan lis datant lan nan lòd ki detèmine pa seleksyon yo a nan lotri pa chans lan.

YO PRAL SÈLMAN OTORIZE YON APLIKASYON POU CHAK FWAYE. Fanmi ki soumèt plis pase yon sèl aplikasyon pral diskalifye. Aplikan ki fè fo deklarasyon pou kalifye pou yon preferans pral jwenn eliminasyon yo nan lis datant lan. Tanpri pa rele HHA a pou mizajou; ou ka verifye sityasyon aplikasyon ou an pandan w ap vizite sit entènèt ki mansyone anwo a pou verifye si aplikasyon ou an te satisfè kritè pwogram nan. Se sèlman fanmi yo seleksyone ki pral resevwa notifikasyon de HHA a.

Aranjman ki Rezonab

Tanpri kontakte Leyda Halphen nan 786-257-3526 oswa pa imèl nan HHARA@hialeahhousing.org, si ou se yon moun ki genyen andikap epi ki mande yon aranjman rezonab pou aplike oswa si ou vle mande avi sa a nan yon fòm ki aksesib pou yon moun ki genyen yon andikap.

Si ou bezwen nenpòt lòt enfòmasyon anplis ou kapab vizite sit entènèt nou an nan www.hialeahhousing.org oswa rele nou nan (305) 888-9744.

**** TANPRI KONNEN****

SE SÈLMAN NAN MOMAN SA A OU KA APLIKE. NOU P AP JANM MANDE NIMEWO KAT KREDI OSWA MANDE YON RAPÒ KREDI POU OU APLIKE. SÈL SIT ENTÈNÈT POU APLIKE SOU LI SE:

<https://hialeahhousing.housingmanager.com/>